



Kondisyon pou Deplasman limyè lari ak Lajan Prive

- 1. Li pral nesese pou ou ranpli ak jwenn apwobasyon plan amande yo bo kote Seksyon Chose Konstrikte (Builders Pavement Section) DOT, 55 Water Street. Plan sa yo dwe endike tout deplasman Limyè Lari yo dapre apwobasyon Divizyon Ekleraj Piblik (Division of Street Lighting).
2. Ou pral responsab tout depans ki genyen nan deplasman limyè lari ki konsene a dapre direktiv Divizyon sa a, epi ou dakò pou retire responsabilite sou Vil New York pou nenpòt sityasyon ki ka vin genyen nan sa.
3. L ap nesese pou ou fe aranjman finansye ak Consolidated Edison Company pou deplasman sevis elektrik la jan li endike nan desen preliminè ki tache la a. Pou akselere zafe sa a, tanpri voye yon kopi pemi wout pou antre nan pwopriyete ou an ansanm ak yon kopi let apwobasyon ak desen preliminè Divizyon Ekleraj Piblik DOT, an bay sevis enèji konpayi elektrisite an. Tanpri kontakte Sevis Kliyan Con Edison nan 1-800-75-CONED (1-800-752-6633) oswa sou sitwèb yo pou jwenn detay.
4. Se yon elektrisyenki gen lisans nan Vil New York ki dwe fe tout travo yo. Anba la a nou make enfòmasyon osijè kontraktè elektrisyen kalifye aktyèl nou yo:

Table with 4 columns: Company Name, Phone Number, Company Name, Phone Number. Includes Hellman Electric, Verde Electric, Windsor Electrical, Welsbach Electric, EJ Electric, Metro Electrical.

- 5. Jiskaske vin gen kouran nan nouvo limyè lari a, ou dwe enstale ak antretni yon ekleraj tanporè nan ansyen anplasman oswa toupre li. Antretyen lanp yo se sèl responsablite Kontraktè Antretyen Divizyon Ekleraj Piblik la, akondisyon inite yo aksesib epi se ekipman estanda Vil la yo ye.
6. Siyati yon responsab otorize kòmsadwa pou òganizasyon ou an nan anba dokiman sa, epi voye l tounen bay Division of Street Lighting, 34-02 Queens Boulevard, Long Island City, New York 11101, Atansyon nan _____, sa ap reprezante konsantman ou pou sa ki anwo la a.
7. Lè yo resewva dokiman sa a ki ranpli ak siyen epi notifikasyon alekri (resi, elatriye) ki endike aranjman finansye yo te fèt avèk satisfasyon avèk kontraktè elektrisyen an ak Con Edison, Divizyon Ekleraj Piblik ap bay kontraktè a ak Edison òdonans nesese yo ki otorize deplasman limyè lari yo. Desen "preliminè" ki tache la a se pou nouvo anplasman poto a sèlman epi li pa yon òdonans pou fe travay la. Tanpri, kontakte Divizyon Enspeksyon Elektrik la nan (212) 839-3322 pou enfòmasyon Divizyon sa a omwen 48 èdtan anvan kòmansman travay la.
8. Enspeksyon DOT dwe siyen Sètifika Konfòmite an nan finisman travay la.

Yo te voye yon kopi dokiman sa a ba direktè konstriktè seksyon chose. Si ou pa respekte kondisyon yo ki anwo yo, sa pral lakòz reta pou ou jwenn sètifika okipasyon ou.

Anplasman Poto ki Deplase (yo): _____

Non Òganizasyon an: _____

Adrès Postal: _____

Siyati (Ofisyèl oswa Òganizasyon)

Tit

Dat

Non ak # Lisans Kontraktè Elektrisyen an: _____